



**Sèvis kliyan disponib 24 sou 24, 7
jou sou 7 pou mande ransèyman
sou kat ou**

Telefòn (nimewo apèl gratis)
1.844.323.7637 TTY (toll free) 1.866.656.5913
TTY (nimewo apèl gratis) 1.866.656.5913
Andeyò Etazini (apèl kòlèk): 423.262.1650

Nouvo Kat Debi Sipò Timoun New York

Gid Referans Rapid

**Gade anndan pou jwenn plis enfòmasyon sou
kat ou.**



Se Bank of America, N.A. ki emèt kat sa a, dapre yon lisans nan men MasterCard International Incorporated. Mastercard se yon mak depoze MasterCard International Incorporated.



Bank of America

Rapid, fasil epi plis sekirite.

Kat debi Sipò Timoun New York se yon fason pi rapid, pi fasil e ki gen plis sekirite pou resevwa peman sipò timoun ou.

Pouvwa pou achte chak jou

Sèvi ak li tout kote yo aksepte kat debi Mastercard:

- Makèt
- Estasyon gaz
- Magazen detayan
- Kòmman pa lapòs
- Restoran
- Klinik medikal
- Magazen sou entènèt
- Kòmman nan telefòn

Li fasil pou sèvi ak li

Pou evite peye frè, ou ka sèvi avèk kat ou pou fè acha epi fè tiraj lajan kach pandan acha a kay komèsan, ak sèvi avèk li nan ATM Bank of America oswa Allpoint. Gen yon Lis konplè Frè Bank yo sou do papye ki sèvi pou ekspedye kat la.

Fason pou fè acha

Acha ak siyati:

- Prezante oswa pase kat ou
- Chwazi “credit” (kredi)
- Siyen, pran kat ou ak resi ou

Acha ak Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN):

- Pase kat ou
- Chwazi “debit” (debit) epi antre PIN ou
- Si sa nesèsè, mande tiraj lajan kach pandan acha a
- Pran kat ou, lajan kach ak resi ou

Fason pou jwenn aksè nan lajan kach

Fason pou pran lajan kach nan yon ATM:

- Foure kat ou epi antre PIN ou
- Chwazi “checking” (kont chèk) epi antre kantite lajan ou vle retire a
- Pran kat ou, lajan kach ak resi ou

Fason pou pran lajan kach labank oswa nan kredi inyon ki aksepte Mastercard:

- Konnen ki balans ou gen ki disponib anvan w pran lajan kach
- Prezante kat ou bay kesye a epi di konbyen ou vle retire nan balans ou gen ki disponib la
- W ap gen pou montre yon fòm ID
- Pran kat ou, lajan kach ak resi ou

Konsèy itil pou itilizasyon kat ou.

Konnen balans ou

Anjeneral, komèsan yo pa kapab jwenn ki balans ou gen sou kat ou, kidonk ou dwe toujou verifye balans la anvan ou sèvi ak kat debi ou. Si w eseye sèvi ak kat ou pou fè acha ki depase balans ou, sa ka lakòz yo pa aksepte kat la.

Tranzaksyon espesyal

Gen sèten tranzaksyon ak kat debi ki ka fèt yon lòt fason, pa egzanp peye nan ponp gaz, restoran, otèl, lokasyon machin, ak tounen marchandiz. Sèten acha ka lakòz yon blokaj tanporè sou lajan an (jiska \$100 nan ponp gaz), gen kèk komèsan ki ka mande yon kat kredi ansanm acha ou an, epi gen lòt ki ka mande verifikasyon balans ki nan kat ou an anvan tretman yon tranzaksyon kat debi.

Pwoteje kat ou

- Lè w nan ATM, se pou w toujou konnen kisa ki ozalantou w. Si w remake nenpòt moun oswa nenpòt bagay sispèk oswa danjere lè w ap pwoche toupre yon ATM, sèvi ak yon lòt ATM oswa tounen pita.
- Nan ATM ki anndan yo, fèmen pòt la nèt. Pa louvri pòt la pandan w ap fè tranzaksyon ou an.
- Lè w ap sèvi ak yon ATM pou machin, asire w vit nan bò pasaje yo fèmen epi pòt yo lòk.
- Si w oblije sèvi ak yon ATM lannwit, anvizaje fè yon moun ale avèk ou.
- Konsève kat ou nan yon kote ki gen sekirite pou w toujou pwoteje li. Si w pèdi kat ou, oubyen si yo vòlè li, kontakte nou san pèdi tan.
- Ou dwe pridan lè w ap tape PIN ou sou klavye a. Apre w fin fè tranzaksyon ou, sere kat ou, lajan w ak resi w avèk prekosyon anvan ou kite zòn ATM nan.
- Pa janm bay okenn moun PIN ou, epi pa janm ekri li okenn kote, sitou sou kat ou an.
- Pa janm bay enfòmasyon sou kat ou oswa PIN ou nan telefòn. Si yon moun ap mande w enfòmasyon sa yo, refize bay yo epi kontakte nou san pèdi tan.
- Rele 911 si w bezwen asistans ann ijans. Kontakte polis zòn ou an touswit si gen yon krim oswa ou sispèk yon krim ki gen rapò ak kont ou an. Si w gen yon enkyetid konsènan sekirite nan yon ATM Bank of America, tanpri rele nou nan 1.800.222.7511.

Kat ki pèdi oswa ke yo vòlè

Si w pèdi kat ou oswa yo vòlè li, Bank of America ap ranbouse ou pou nenpòt tranzaksyon yo fè ak kat la san otorizasyon, anba sèten kondisyon jeneral ki prevwa nan Akò Depo Kat Debi ou an pou Sipò Timoun New York.